



INSTITUTE FOR INTEGRATED TRANSITIONS

Kusimudzira Hurukuro dzePasi Kukwira Kumusoro: Kudzidza kweZviitiko zveHurukuro paNhanho yeNharaunda muZimbabwe

Yakanyorwa na Tendai C Matani na Alejandro Urrutia

MBUDZI 2024



Mavambo

Hurukuro dzinoitwa maeyererano nenyika yeZimbabwe dzinowanzo tevera kupokana nekusagadzika munyika uye kazhinji kacho mushure memhirizhonga. Kubvira pakaitiwa hurumende yemubatanidzwa mugore ra2008, hakusati kwaitiwa dzimwe hurukuro munyika pachikero chimwe chete, chinounza yamuro kuruzhinji rwezvizvarwa zvemuZimbabwe.

Zvinoitika pachikero chenyika zvinopokana zvikuru nezvatinoona zvichiitika mudzinhraunda umo vatungamiriri vanowanzo deedzera hurukuro maererano nezvine chekuita nekuwana chouviri kana kuyanana vakupokana. Hurukuro idzi dzinoitwa pasi pemadingindira akasiyana siyana anosanganisira Nyaya dze hutano, dzezvefundo, kuwanikwa kwezvinodiwa mumagariro uye nenyaya dze hupfumi wenyika. Hurukuro idzi dzinoratidza kukosha wkenhaurirano dzinotangira kuzasi dzichikwira kumusoro – idzo dzinopa mukana vagary venharaunda kwete wekugotaura asi kuti vave chibande cheshanduko munharaunda dzavagere.

Hurukuro idzi dzinobva mutsika nemagariro evanhu vatema, kunyanyatsika yekugara matare kana kuti *iDale* mururimi rweNdebele, yaive tsika yekutaurirana nekupangana mazano ane chekuita nemagariro akanaka. Tsika idzi dzavakuita sedzotarisiwa pasi kana kukanganwikwa asi dzinogona kubetsera kumutsiridza hurukuro pachikero chenyika yose.

Iyi pfupikiso inobuda muchinyorwa cheIFIT chinonzo muchirungu [Promoting Bottom-Up Dialogue: A Study of Community-Level Dialogue Experiences in Zimbabwe](#). Chinyorwa ichi chinopa muzvitere zvakabuda muhurukuro dzaiitwa munharaunda nemapoka anosvika gumi netatu (13) munyika yeZimbabwe. Chinyorwa dzakubuditsa zvakagonekwa uye kutsvaka kuti izvi zvingasimudzirwe sei kusvika pachikero chenyika yose pagove nehurukuro dzinobetsera kutapudza matambudziko anosanganikwa nawo nenyika yose.

Tsvakirudzo iyi yaive nechinangwa chekupindura mibvunzo mitanhatu ine chekuita nehurukuro dzenharaunda muZimbabwe:

1. Ndedzipi nzira dziripo dzinokwanisa kushandiswa nenharaunda ku?
2. Hurukuro dzenharaunda dzinowanzo itwa sei uye dzichipindwa nevanhu vakaita sei?
3. Hurukuro idzi dzinotangiswa sei uye vanodziitisa vanoita chibande chipi madziri?
4. Inyaya dzipi dzikuwiranwa padziri mudzinhraunda uye pakati pemapoka akasiyana siyana?
5. Zvibvumirano zvaitwa zvirikufambiswa sei nekuonekwa kuti zvazadziswa sei?
6. Ndedzipi nzira nemaitirwo ehurukuro zvinogona kudzikorodzwa nekuitwa pachikero chenyika?

Miyanzaniso

#	Muenzaniso wehurukuro	Nguva yayakaitwa	Vakapinda muhurukuro yacho
1	Bulawayo- hurukuro ye-kutengeswa kwematehwe emombe	Kurume-23	Vakasiyana siyana vane chekuita nekutengeswa kwematehwe , Solidaridad, ZLDC
2	Domboshava – hurukuro yenyaya dzemari dzobhadharwa chikoro	Mbudzi-22	Varairidzi vepachikoro nevabereki vevana vanodzidzapo.
3	Mbare- hurukuro yefundiso mae-rerano nemazita ekudana vanhu vane hurema	Kubvumbi-23	Vashandi vemapoka anoti, I Am Zimbabwe Trust and Zimbabwe International Disability Association
4	Harare – hurukuro yekuvandudza hurongwa wedzidzo yevana vadoko (ECD)	2019–2022	Vemapoka asiri ehurumende (civil society), vamiririri vemapazi ehurumende, nevanoshanda muchikamu chezvedzidzo.
5	Epworth – hurukuro yepundutso yevechidiki	Kubvumbi-23	Vadzidzi, vadzidzisi, nevashandi veKunashe Foundation
6	Rimuka – hurukuro yezvekuita kutapudza jodzi dzinowanika nekuda kwemafashamo.	Ndira–Kurume 2022	Mumiririri wekanzuru nevagari vemunharaunda make.
7	Tsholotsho- hurukuro yekuunza pundutso muhupenyu wevasikana, kuwanikwa kwezvinodiwa mukurarama munharaunda iyi.	Kubvumbi-23	Vasikana nemadzimai echidiki emunharaunda yeTsholotsho, neboka reThe Girls Table (organisation)
8	Chiredzi – hurukuro yekupedza kuroorwa kwevana vadiki	2017–kusvika zvino	Vagari vemunharaunda, madzishe nemasanhuku neboka reZimbabwe Peace Project
9	Nkulumane – Hurukuro pakati pevemisika nekanzura yeBulawayo	Nyamavhuvhu-22	Vatengesi vemisika, makurukota ekanzuru, neveboka rinonzi Vendors Initiative for Socio-Economic Transformation
10	Mambo Township – Hurukuro yedambudziko remvura	2019–2020	Vagari vemunharaunda, mumiririri wekanzura nemakurukota ebazi rematongerwo enzvimbo.
11	Kadoma – hurukuro pakati pevanoita zveabhizimusi nevanoona zvekuronga kwemari munyika, maererano nehurongwa wekushandiswa kwemari munyika.	Nyamavhuvhu-20	Boka rinoona nezvehupfumi nekubudirira kweKadoma, vebhanga guru renyika (Reserve Bank of Zimbabwe), vemakamba anochera zviwanikwa muKadoma
12	Harare – hurukuro yekudzivirira nekuderedza kuparwa kwemhosva munharaunda	Kubvumbi–Chikunguru 2018	Vagary vemunharaunda nemapuri-sa.
13	Penhalonga – hurukuro pakati pevagari vemunharaunda nekambani inoita zvezvicherwa	2017–nanhasi	Vagary vemunharaunda, vanoita zvekuchera zviwanikwa neboka rinonzi Centre for Natural Resource Governance

Hwaro wekugamuchira nekuvandudza hurukuro dzenharaunda muZimbabwe

Hwaro runotevera rwakabuda mutsvakurudzo yakaitwa yakaitwa yekusimundzira nekuvandudza kuitwa kwehurukuro munharaunda dzeZimbabwe.


Zvonodiwa nezvinofanira kuzivikanwa hurukuro isati yatanga	Vakotsveri vehurukuro
• Ngapave neruzivo rwetsika nemagariro enharaunda yacho hurukuro isati yatanga. • Dzimwe nguva zvakakosha kutanga hurukuro chero zvichiita sekuti zvose zvinodiwa hazvisati zvavepo.	• Basa rekuitisa hurukuro ngarupihwe boka kana kuti munhu agara anovimbwa naye munharaunda. • Ivayi nechokwadi kuti munhu uyu kana boka iri richaraba rinechido nehurukuro iyi. • Tsigirayi vakotsveri vane ruzivo nehunyanzvi wekuitisa hurukuro mudzinharaunda.
Vanhu vanopinda muhurukuro	Maitirwo nemaitikiro ehurukuro yacho
• Muchangotanga garayi makoka vanhu vose, vatungamiriri, mapoka akasiyana siyana emunharaunda macho vave chibande kuhurukuro yenyu. • Izvi zvinobetsera kuunganidza vagary vemunharaunda uye kuti musazopinda mutsekwende nekuda kwekusiya vangava nesimba huru munharaunda idzi.	• Ivayi nehurongwa wehurukuro mobetserana nenharaunda kugadzira muono mumwe chete maererano ehurukuro iyi.. • Sarudzayi maitiro anoyenderana nenhau iri kutauriranwa nezvayo.. • Tsvagayi pekuitira pakatsarukana panokurudzira vazhinji kupinda muhuruko kunyangwe pamasaiyisayi kana zvichibvira.. • Zvinhu ngazvisaitwe muchivande, zivisayi vose vanesimba.

Panhau yekupinda muhurukuro nekusasarura	Kubvisa zvimhingamipinyi nezvikoneso
Ivai nechokwadi chokuti Hapana boka kana mizera yamunosiya pahurukuro idzi, kusanganisira vane hurema, madzimai, vechidikit, vakwegura.	- Tarisirayi zvimhingamipinyi zvakaita sekusawirirana, kushomeka kwezvikanisiro, kusagamuchirwa nekuteta kupinda kwevamwe muhurukuro dzenyu. - Tsindidzirayi zvakanyanya zvakakoshera munhu wose nezvido zvakafanana kumapoka ose. - Musateta kugadzirisa zvimhingamipinyi izvi kuburikidza nekuuya nemazano ane hungwaru. - Tsvagayi rutsigiro panyaya yekushomeka kwedzimari kana zvikanisiro zvingadiwe.
Panhau yekuira zvabuda muhurukuro	Kuramba muchishandira shanduko isingapere
- Ngapave nezano rekuburitsa izvo zvole zvawirirana muhurukuro dzenyu kusanganisira dzepa hindaneti, soshari midhiya nedzimwe. - Nyorayi zvole zvichada kuzotevererwa uye nekuti ndivanani vachave nebasa iroro.	- Ngapave nenzira yekuongorora shanduko ikuunzwa nehurukuro dzenyu - Wumbiridzayi parutsigiro rwenharaunda dzenyu kuti parambe pane shanduko. - Umbayi husahwira nemapoka akasiya siyana moita kuti nharaunda dzizive zvamaita.

Zvinogona kuitwa kuvandudza kuitwa kwehurukuro dzenyika muZimbabwe

Tsvakurudzo inoburitsa nzira mbiri dzekuti hurukuro dzemunharaunda idzi dzingabetseredze sei kuitika kwehurukuro pachikero chenyika yose:

1. Hurukuro yakazembera panharaunda, (kusimudzirwa kwehurukuro kubva pazasi zvichikwira kumusoro): Izvi zvogoneka nenzira yekutarisa dambudziko rimwe rikusangana nenharaunda yenyu, yokwidziridzwa kubva panharaunda kude mudunhu, ichikwira kusvika yotaurwa nyika yose. Izvi zvinoita kuti hurukuro yenyika itangire kuzasi, zvinoipa rutsigiro rwabviwa narwo kudzinharaunda. Nenzira iyi nhau dzikunetsa mudzinharaunda nematambudziko akusanganikwa nawo ndiwo anozova nehuremu panoitwa hurungwa wenyika nekugadzirwa mitemo. Kuti izvi zvigoneke panodiwa hochekeke kana dandemutande remapoka anokwidziridza Nyaya iyi kusvika kumusoro.



Nzira inotangira pasi kuenda kumusoro yekuita mhaurirano yenyika inobatanidza uye inopa munhu wese mukana wekutora.


2. Kuramba muchitsindidzira nekudzokorora nyaya kusvika yozivikanwa nyika yose: Izvi zvosanganisira kupatsanura Nyaya imwe yabuda muhurukuro yenharaunda moisimbirira muchikokorodza mapoka akasiyana siyana anosanganisira mapazi ehurumende kuti akutsigireyi kuti Nyaya iyi ive nyika yose. Izvi zvinoda boka rakasimba kuti rironge basa iri. Zvingade kuzivikanwa pakuita izvi zvosanganisira.

a. Nzverayi nguva yakakodzera yekutanga hurukuro uye nenzvimbo, tsvagayi boka rinoremekedzwa, kamiririri vakasarudzwa kana madzishe, nzvimbo ngadzive dzakapfuma kana dzine nhoroondo yakapfuma.

b. Nanganayi nenhau dzinobatanidza, Nyaya dzinonyanyo vhiringa munhu wese mumagariro ake zuva nezuva, muchikurudzira kuti munhu wose apinde muhurukuro idzi nekusimbisa mushandirapamwe.

c. Shandisayi vonomiririra nharaunda kuti vaende pamberi pakufambisa mashoko ezvehurukuro iyi, pinzayi vagara vanozivikanwa nekumiririra nharaunda nezvido zvayo, vatungamiririri vanotererwa nevagari vemunharaunda vanovimbwa navo.

Nyaya yakavakirwa nhaurirano





INSTITUTE FOR INTEGRATED TRANSITIONS


Sangano reInstitute for Integrated Transitions (IFIT) isangano rakazvimirira, riripasi rose, uye risiri rehurumende iro rinoshanda nekupa ongororo yakadzama pamwe nerubatsiro rwehunyanzvi kvanhu nemasangano emunyika ari mubishi rezvakanyanya kuitwa muhurukuro nekuchinja kwezvinhu. Basa guru reIFIT nderekushanda semanyuko ehunyanzvi anopa mazano akabatanidzwa ezvirongwa zvinotungamirirwa nevanhu vemunharaunda. IFIT yakambobatsira muhurukuro dzekugadzirisa zvinhu munyika dzinoti Afghanistan, Colombia, El Salvador, The Gambia, Libya, Mexico, Nigeria, Sri Lanka, Sudan, Syria, Tunisia, Ukraine, Uzbekistan, Venezuela pamwe neZimbabwe.

© 2026 Institute for Integrated Transitions

Recinte Modernista de Sant Pau
Pabellón Sant Leopold
Carrer de Sant Antoni Maria Claret, Num. 167
08025 Barcelona, Spain

www.ifit-transitions.org

info@ifit-transitions.org



Scan for more information